

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan *Éféktivitas Modél Pangajaran Tématik dina Pangajaran Nulis Sisindiran Wangun Paparikan jeung Rarakitan Siswa Kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung*, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung saméméh dilaksanakeun pangajaran anu ngagunakeun modél tématik nya éta 20% siswa mampuh, jeung 80% siswa can mampuh nulis sisindiran;
- 2) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung sanggeus dilaksanakeun pangajaran anu ngagunakeun modél tématik dina pangajaran nulis sisindiran, kamampuh siswana ningkat kalayan hasil; siswa anu mampuh nulis sisindiran jadi 83,33%, siswa anu can mampuh 16,27%.
- 3) Modél Pangajaran Tématik éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa SMP Pasundan 6 Bandung dina nulis sisindiran dumasar kana hasil  $t_{itung} 8,24 < t_{tabel} 2,46$  hartina aya béda anu signifikan antara hasil pratés jeung pascatés, saméméh jeung sanggeus meunang “*treatment*” ngagunakeun modél pangajaran tématik.

## 5.2 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan *Éféktivitas Modél Tématik dina Pangajaran Nulis Sisindiran Wangun Paparikan jeung Rarakitan ka Siswa Kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung*, aya sababaraha hal anu baris dirékoméndasikeun sangkan ieu panalungtikan aya mangpaatna ka pihak sakola, di antarana:

- 1) Sangkan hasil diajar nulis sisindiran siswa leuwih hadé, siswa bisa ngamangpaatkeun modél tématik nya éta ku cara nangtukeun heula téma nalika rék nulis sisindiran;
- 2) Modél Tématik tétéla geus éféktif dina nulis sisindiran, dipiharep bisa digunakeun ku guru mata pelajaran séjén pikeun ngaronjatkeun kompetensi pangajaran nulis lainna;
- 3) Sacara tioritis, dipiharep guru bisa ngagunakeun léngkah-léngkah pangajaran modél tématik saluyu jeung téori anu geus aya sangkan hasil diajar ngagunakeun modél tématik bisa éféktif pikeun ngaronjatkeun hasil pangajaran.